



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANGAJE PRÈSKE 1 MILYA DOLA POU TRANSFÒMASYON SUNY DOWNSTATE

*Konsèy Konsiltatif Kominotè a te reyalize jodi a premye nan twa odyans piblik li yo pou devlope yon plan alontèm ki responsab sou plan fiskal pou avni SUNY Downstate*

*Gouvènè Hochul mete aksan sou 550 milyon dola pou enstalasyon ki enkli nan bidjè egzekitif ane fiskal 2026 la, anplis investisman 400 milyon dola ane pase a*

*Konsèy Konsiltatif la ka anvizaje investi jiska 750 milyon dola nan finansman kapital Eta Nouyòk pou investisman*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou 450 milyon dola nan finansman kapital ak 100 milyon dola nan sipò operasyonèl pou SUNY Downstate nan bidjè egzekitif ane fiskal 2026 la pandan premye nan twa odyans piblik Konsèy Konsiltatif Kominotè a. Finansman sa a ajoute a 300 milyon dola nan finansman kapital la epi 100 milyon dola nan finansman operasyonèl ki enkli nan bidjè adopte pou ane fiskal 2025 la, sa ki reprezante yon angajman total 950 milyon dola pou enstalasyon an. Konsèy Konsiltatif Kominotè a ke Gouvènè Hochul ak Lejislati a te kreye nan kad bidjè adopte pou ane fiskal 2025 la, gen pou misyon devlope rekòmandasyon yo pou asire sante finansye ak estabilite alontèm etablisman an epi ka anvizaje rekòmandasyon yo pou investi jiska 750 milyon dola nan finansman kapital Eta Nouyòk.

"Konsèy Konsiltatif Kominotè Downstate la kòmanse travay enpòtan an pou garanti estabilite fiskal alontèm SUNY Downstate," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Odyans piblik sa yo se yon etap esansyèl pou angaje kominote yo nan Sant Brooklyn epi bati yon plan dirab ki garanti SUNY Downstate kontinye bay sèvis swen sante nan kominote li a epi fòme divès pèsonèl nan domèn swen sante pou jenerasyon k ap vini yo."

Konsèy konsiltatif la te reyalize premye nan twa odyans piblik yo nan mèkredi 22 janvyè 2025 lan, a 6 p.m. nan SUNY Downstate Health Sciences University pou tande manm kominote yo ak lòt moun ki gen enterè yo nan kad pwosesis li a. Yo pral anonse detay lòt odyans piblik yo nan semèn k ap vini yo.

Lopital Downstate la bay sèvis swen sante pou pasyan ki entène ak pasyan ekstèn nan Sant Brooklyn epi li se lidè nan rechèch ak ansèyman pou lite kont disparite sante nan Vil Nouyòk epi nan tout eta a.

Ane pase, lopital SUNY Downstate te fè fas ak yon defisi anyèl 100 milyon dola e li te riske pou yo pa ka fonksyone san lòt finansman, pandan y ap fè fas ak yon etablisman lopital nan move eta e ki vilnerab a gwo kriz, ki gen ladan dènnye gwo ensidan sou enfrastrikti.

An repons, Gouvènè Hochul te travay ak Lejislati a ak SUNY pou devlope yon plan ki vize pou angaje lidè kominote yo pou devlope yon avni dirab pou Downstate epi bay yon investisman kapital istorik, ke travay konsèy konsiltatif la pral gide.

Bidjè ki adopte ane pase a te chaje Konsèy Konsiltatif la pou egzamine rekòmandasyon investisman kapital ki rive jiska 750 milyon dola pou etabli yon plan ki rezonab, evolutif epi responsab fiskal pou sante finansye, vyabilite ak dirabilite SUNY Downstate.

Pou devlope rekòmandasyon li yo, konsèy konsiltatif la pral konsidere tandans ak modèl jeneral sèvis swen sante; done finansye istorik ak previzyonèl pou lopital la ak kanpis la; eta aktyèl enfrastrikti bilding yo ak bezwen kapital; bezwen swen sante kominotè yo, rezilta, ak disparite sante; òf sèvis ki deja egziste pou pasyan ki entène ak pasyan ekstèn yo ak rezilta sante; kapasite ak disponiblite sèvis pou pasyan ki entène ak pou pasyan ekstèn yo nan zòn sèvis primè ak segondè yo; efikasite operasyon yo ak kalite referans sèvis swen sante; epi bezwen fòmasyon pou etidyan yo ak rezilta travay yo.

Manm yo pral itilize oyans piblik sa yo pou rekeyi dirèkteman opinyon ak lide kominote a. Yo pral soumèt rekòmandasyon alekri yo bay Gouvènè a ak Lejislati a anvan 1ye avril 2025.

**Komisè Sante Eta a, James McDonald M.D., M.P.H., te deklare,** "Pandan odyans piblik yo kòmanse, nou gen yon opòtinite inik pou trase trajektwa alontèm lopital SUNY Downstate. Downstate enpòtan pou Sant Brooklyn, e pwosesis sa a pral pèmèt nou tandè dirèkteman kominote a sou bezwen li yo ak priyorite li yo. Mwen pran angajman pou m travay avèk konsèy konsiltatif la pou devlope yon plan ki ranfòse kapasite Downstate pou bay bon jan kalite swen sante ak edikasyon pou ane k ap vini yo."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Bati sou gwo angajman kominote ki te fèt pandan ane ki sot pase a, lansman odyans piblik sa yo make yon etap enpòtan pou fòme avni lopital SUNY Downstate. Opinyon divès pati konsène yo ap kontinye gide nou pou nou ka asire ke SUNY Downstate rete yon lidè nan divès fòmasyon pwofesyonèl medikal epi bay swen sante kominote a bezwen. Mwen espere travay ak konsèy konsiltatif kominote a pou devlope rekòmandasyon ki rive jiska yon investisman kapital san parèy 750 milyon dola pou yon plan ki rezonab, evolutif, ak responsab sou plan fiskal pou sante finansye, vyabilite, ak dirabilite SUNY Downstate."

**Doktè Enitza George, M.D., MBA, MSAI, te deklare,** "Chak jou nou vini nan lopital la, prensipal priyorite nou se bay pasyan n ap sèvi yo pi bon swen. Epi pou bati yon lopital dirab ki kontinye bay pi bon swen nan katye nou an, kominote a pral jwe yon wòl enpòtan nan oryantasyon envestisman 750 milyon dola istorik la, pandan n ap kòmanse avèk odyans piblik sa yo."

**Doktè Lesly Kernisant, te deklare,** "Odyans sa yo se yon opòtinite pou tandè dirèkteman rezidan Brooklyn yo ke SUNY Downstate sèvi, epi diskisyon sa yo pral ede fòme yon avni kote SUNY Downstate alafwa solid sou plan finansye e ekipe pou l kontinye misyon fòmasyon lidè swen sante yo epi amelyore rezilta sante atravè Sant Brooklyn."

**Andrew Rein, Prezidan Komisyon Bidjè Sitwayen yo, te deklare,** "Pandan odyans kominotè yo kòmanse, mwen enpasyan pou m tandè pèspektiv konsitwayen Brooklyn yo ak lòt moun ki konsène yo sou fason Konsèy sa a ka ede asire ke abitan Brooklyn yo kontinye gen aksè a bon jan kalite swen yo merite, epi edikasyon esansyèl pou divès gwoup pwofesyonèl swen sante kontinye isit la nan Downstate."

**Pastè Louis Hilton Straker Jr. te deklare,** "SUNY Downstate se yon poto mitan pou sante ak vitalite Sant Brooklyn. Odyans sa yo bay kominote nou an opòtinite pou fòme avni li epi asire li kontinye leve fanmi yo epi sèvi kòm baz pou kwasans ak ekite."

**Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie,** "Kominote sa a fè konnen klèman ke n ap atann yon pwosesis transparan, ouvè pou fòme avni Downstate epi reponn a bezwen swen sante nan Brooklyn. Pandan semèn ak mwa k ap vini yo, mwen espere travay ak kòlèg ak vwazen yo pou pwoteje enstitisyon enpòtan sa a epi asire li rete ouvè pou sèvi kominote nou an."

**Manm Asanble Brian Cunningham te deklare,** "Odyans kominotè pou SUNY Downstate temwaye enpòtans pou angaje rezidan yo ak moun ki konsène yo pou detèmine avni lopital ak inivèsite a. Sa a se yon opòtinite enpòtan pou asire ke lopital la ak health sciences university yo gen resous, anplwaye, ak sipò ki nesèsè pou sèvi divès kominote Brooklyn nan ane k ap vini yo."

**Prezidan Konsèy Kominote Brooklyn #17, Rodrick Daley, te deklare,** "Lè nou bay konsèy konsiltatif la mwayen pou angaje ak kominote a, nou gen opòtinite pou nou reyimajine SUNY Downstate nan yon fason ki pi byen sèvi abitan yo nan Sant Brooklyn. Ansanm, n ap travay pou asire ke Downstate kontinye bay bon jan kalite edikasyon epi rete yon resous enpòtan pou sante ak byennèt kominote nou an."

**Ansyen Direktris Sante ak Lopital nan Vil Nouyòk yo, Claire Patterson, te deklare,** "SUNY Downstate te yon mwayen sekou pou Sant Brooklyn, epi bay sèvis swen sante enpòtan ak opòtinite edikatif ki amelyore kominote nou an. Odyans sa yo ba nou chans pou nou asire ke avni Downstate reflekte priyorite moun li sèvi yo, pandan y ap ranfòse kapasite li pou pran swen fanmi nou yo epi fòme pwochen jenerasyon pwofesyonèl swen sante yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)